


AYITI



### Non Pwojè a

Peye moun pou sèvis yo rann lanati (PSN) pou pwoteje mang Bondo a nan Tirivyèdenip

### Òganizasyon Kap Egzekite

J/P Haitian Relief Organization – Community Organization Relief Effort (J/P HRO – CORE)

### Benefisyè Pwojè a

Anviwon 300 plantè, pechè, otorite lokal ak manb klè anviwonman yo.

### Òganizasyon Patnè


01. Fondation pour la Protection de la Biodiversité Marine (FoProBim)
02. Acceso Peanut Enterprise Corporation S.A (APC)
03. Resilient Productive Landscapes (RPL)

### Rezime Pwojè a

Mang Bondo yo fè pati yon zòn natirèl sou tè rive anba lanmè ki konplèks, tankou basen vèsan Ayiti yo, kote pwoblèm chanjman klimatik ap fè santi l depi kèk tan. Pwojè sa a konte pwoteje zòn natirèl mang yo gras ak sipò pou chanje kondisyon lavi plantè ak pechè yo, pou ranfòse kapasite aktè lokal yo ak mobilize jèn yo sou fason pou jere anviwonman an.

Pwojè a ap egzekite nan 3 fason:

01. Ranfòsman kapasite aktè ak dirijan yo sou lwa, politik ak konvansyon sou jesyon resous natirèl, espesylman mang yo, nan Nip.
02. Ranfòsman kondisyon lavi plantè ak pechè yo depi nan tèt mòn yo pou rive bò lanmè a. Zòn natirèl nan tèt mòn yo ap pwoteje gras ak yon pwogram pou peye moun pou sèvis yo rann lanati, ki chita sou plante bwa nan tè ki degrade bò ravin yo. Plantè yo ap resevwa plantil doliv ak konsèy teknik pou rebwaze bò pi gwo ravin nan zòn nan. Sa ap pèmèt nou diminye tè ki pral nan mang lan e kap pèmèt plantè yo fè lajan.
03. Sansibilizasyon ak mobilizasyon pou ankouraje aktè ak jèn yo patisipe nan chèche solisyon ak pwoblèm anviwonman nan kominate yap viv la.



### Prensipal Mezi EBA Itilize

Plante bwa nan tèt mòn yo jous rive bò lanmè ak devlopman pou tout tan kondisyon lavi plantè ak pechè yo, sipòte politik ak fason ya dirije ak devlopman kapasite pou jere resous natirèl yo.

### Zòn Natirèl kap Touche yo

Mang, basen vèsan ak zòn anba lanmè tou prè kòt yo

### Project Duration

Tan Pwojè a ap Dire	30 mwa
Dat Pwojè a Kòmanse	Janvye 2020
Dat Pwojè a ap Fini	Jiyè 2022

### Funding

Antou (USD)	\$ 347,373
Pati Lajan pa EBA	\$ 260,271
Lòt Lajan	\$ 87,102

### Kòdone

J/P Haitian Relief  
Organization - Community  
Organized Relief Effort  
(J/P HRO -CORE)

Margarett Lubin  
Area Manager

margarett.lubin@coreresponse.org  
(+509) 44 11 9684

[www.jphro.org](http://www.jphro.org)  
[www.coreresponse.org](http://www.coreresponse.org)  
[www.haititakesroot.org](http://www.haititakesroot.org)